

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasangtukang Panalungtikan

Pangajaran maca di sakola téh kudu dironjatkeun pikeun ngawanohkeun bacaan-bacaan sastra nu hadé ka barudak. Ngaliwatan bacaan nu hadé sacara langsung bisa méré pangaweruh jeung pangalaman pikeun barudak, ilaharna barudak bisa maca bacaan sastra téh teu ngan saukur dina media cetak tapi bisa ogé diakses dina media internét. Salian ti praktis, maca dina media internét miboga sisi positif jeung sisi negatifna, upamana waé dina sisi positifna masarakat jeung barudak bisa ngagunakeun media internét salaku alat pikeun sarana jeung sumber diajar, ogé bisa dipaké pikeun media sosialisasi jeung alat pikeun numuwuhkeun sikep kreativitas barudak. Sedengkeun dina sisi negatifna media internét bisa mangaruhan kana karakter barudak ngaliwatan warta-warta jeung bacaan-bacaan anu teu loyog pikeun barudak, ieu hal ogé ngabalukarkeun barudak jadi kurang resep maca buku hususna novél, sabab katungkulkeun teuing kana internét.

Éta hal téh aya faktor nu jadi kasang tukang tina kurangna minat maca barudak nurutkeun Leonhardt (Saleh, 2015, kc.45) nyaéta: 1) buku bacaeun barudak kurang ngirut, 2) beuki jarang kolot nu daék ngadongeng ka budakna, 3) pangaruh tina televisi anu kurang ngarojong minat barudak kana maca buku, 4) harga buku anu mahal, 5) fasilitas taman baca atawa taman buku bacaan gratis anu kurang ngirut. Ieu hal téh sakuduna bisa jadi solusi pikeun atikan dina ngaronjatkeun kecerdasan bangsa jeung minat siswa salaku panerus bangsa.

Salian ti faktor nu jadi kasang tukang tina kurangna minat baca, tangtu urang ogé kudu wanoh kana karya sastrana. Salah sahijina wangun karya sastra dina wangun prosa nya éta novél. Novél téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompléks). Ku kituna, novél bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngagambarkeun latar, jeung ngahirupkeun

karakteristik tokoh. Novél aya anu sipatna serius jeung aya ogé anu sipatna ngahibur. Novél serius mibanda fungsi sosial lantaran méré ajén ka nu macana, sedengkeun novél hiburan mibanda fungsi personal lantaran ngan nawarkeun hiburan ka nu macana (Isnendes, 2010 kc.39)

Salah sahiji novél anu medal di tatar Sunda taun 1930 nya éta novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi, pangarang kahot anu ngahususkeun dirina dina nulis carita barudak, boh dina basa Indonesia, boh dina basa Sunda. Novél *Carita Si Dirun* nyaritakeun kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat Sunda. *Si Dirun* téh ngaran budak SD, nu hirup jeung indung bapana, kalakuan Si Dirun dina ieu novél kagambar salaku budak anu basangkal, mokahaan, teu nurut ka kolot jeung sok ngabohong ka kolotna, nu ahirna nyilakakeun jeung ngarobah hirupna.

Dina novél mindeng kapanggih ajén-inajén kahirupan, salah sahijina nya éta ajén moral. Ajén moral nyoko kana hadé goréngna lampah manusa, ku kituna widang moral téh mangrupa widang kahirupan manusa ditilik tina segi kahadéan salaku manusa nu dilarapkeun di lingkungan kulawargana ogé salaku fungsi jeung cécékelan dina kahirupan manusa. Gambaran moral nu aya dina novél biasana teu jauh tina lingkungan kahirupan pangarangna, nu digambarkeun ngaliwatan paripolah kahirupan masarakat. Ieu ajén téh mangrupa widang kahirupan manusa anu ditilik tina hadé goréngna laku lampah, sikep, kawajiban, ahlak, pangarti, jeung susila ti hiji jalma. Ku kituna dina moral téh lain ukur dipikawanoh, tapi kudu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, husuna pikeun barudak sakola sangkan bisa nerapkeun moral nu hadé jeung ngajauhan moral nu goréng. Nurutkeun Abin, Syamsudin (2007, kc. 80) kamekaran jiwa moral budak téh bisa disawang tina kamekaran perseptual, kamekaran kontrol jeung motorik, kamekaran ngawasa pola-pola kaparigelan mental-fisik, jeung kamekaran pangaweruh basa jeung mikir.

Nilik kana kaayaan kiwari, loba barudak hususna barudak sakola nu kurang paham kana sikep jeung ajén moral téh lantaran geus kapangaruhan ku parobahan jaman jeung kapangruhan ogé ku media internét. Balukar tina kurangna pamahaman

ieu téh barudak teu bisa ngabédakeun kasopanan jeung tatakrama nalika keur komunikasi jeung kolot, guru atawa saluhureunna. Hal ieu katitén pisan dina sikep barudak, salian ti éta loba ogé barudak anu salah kaprah hususna dina ngagunakeun media internét. Kurangna sikep jeung pamahaman kana moral téh katitén nalika barudak teu bisa ngafilter utamana dina nyieun status atawa ngaposting hal-hal nu memang teu loyog pikeun barudak. Ningali kaayaan saperti kitu, katitén yén laku lampah barudak ayeuna geus kagerus ku parobahan jaman jeung media internét. Ku kituna kudu aya solusi boh ti kulawarga boh ti sakola pikeun ngajarkeun sikep jeung pamahaman kana moral ku cara ngawanohkeun bacaan-bacaan sastra nu hadé.

Dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca, ieu hasil panalungtikan ogé miboga udagan yén novél *Carita Si Dirun* dianggap hiji alternatif pikeun bahan ajar maca novél di SMP. Ieu pangajaran novél téh saluyu jeung Kompetensi Inti (KI) sarta Kompetensi Dasar (KD) dina kurikulum 2013 révisi 2017 di SMP kelas IX anu kaunggel dina Kompetensi Dasar 3.3 *mengidentifikasi unsur intrinsik ringkasan novel remaja dengan memperhatikan struktur teks dan aspek kebahasaan yang benar dan sesuai konteks*. Salian ti éta dipihareup ogé ngaliwatan ieu novél barudak bisa leuwih wanoh kana novél-novél Sunda liana.

Panalungtikan- panalungtikan ngeunaan ajén moral téh kungsi dilakukeun. Ku Widiastri Permana taun 2018 “Novél *Nala* karya Darpan pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)”, panalungtikan ku Dwi Hudarwati taun 2018 “Strukturalisme jeung Ajén Moral dina Kumpulan Dongéng Utara-Utara jeung Dongéng-Dongéng Sunda Liana Karya Ki Umbara pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP”, panalungtikan ku Alfinda Herdayanti taun 2017 “Analisis Struktural jeung Moral dina Novél Prabu Wangisutah karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA” jeung “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Novél Anjar Lawan Raja Bangsat karya Achmad Rustandi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di Kelas IX SMA” ku Erik Eriansyah taun 2017.

Riska Parlina, 2019

NOVÉL CARITA SI DIRUN KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SAKOLA KELAS IX SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta dina objékna. Ieu panalungtikan ngagunakeun novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi pikeun objék panalungtikanna. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral).”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang panalungtikan anu geus dipedar di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti ieu.

1. Kumaha struktur carita dina novél *Carita Si Dirun* Karya Samsoedi?
2. Ajén moral naon waé nu nyangkruk dina novél *Carita Si Dirun* Karya Samsoedi?
3. Kumaha larapna hasil panalungtikan novél *Carita Si Dirun* Karya Samsoedi di patalikeun jeung alternatif bahan pangajaran maca novél di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus. Ieu di handap baris dipedar tujuan umum jeung tujuan husus dina ieu panalungtikan.

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta nganalisis jeung ngadeskripsikeun struktur carita jeung ajén moral nu nyangkruk dina novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi. Ogé maluruh ngeunaan luyu henteuna dijadikeun bahan ajar.

1.3.2. Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah, tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho:

1. Struktur carita novél (téma, fakta carita, jeung sarana carita) nu nyampak dina novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi;
2. Ajén moral nu nyampak dina novel *Carita Si Dirun* karya Samsoedi;

3. Larapna hasil panalungtikan novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi dipatalikeun pikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di SMP;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung nu dipedar dina tujuan, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat anu dibagi jadi opat bagian, nya éta mangpaat teoritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1. Mangpaat Teoritis

Sacara teoritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh hususna ngeunaan unsur pangwangun sastra nu ngawengku: 1) téma carita, 2) fakta carita, jeung 3) sarana sastra. Ieu panalungtikan ogé pikeun ngeuyeuban pamahaman ajén moral. Salian ti éta panalungtik miharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul dina maham jeung ngaprésiasi karya sastra pikeun panalungtikan ka hareupna.

1.4.2. Mangpaat Kawijakan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun acuan pikeun pamaréntah dina méré tinimbangan hususna ka Pamaréntah Daerah sangkan leuwih merhatikeun karya sastra Sunda tur dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.4.3. Mangpaat Praktis

Sacara praktis, dipiharep ieu panalungtikan téh mibanda sababaraha mangpaat nya éta:

1. Pikeun panulis, ieu panalungtikan dijadikeun bahan pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra;
2. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa jadi sumber référénsi dina nalungtik karya sastra Sunda;
3. Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipihareup bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan pamahaman siswa kana ajén moral nu nyampak dina karya sastra;

1.5. Raraga Tulisan

BAB I BUBUKA

Medar ngeunaan kasang tukang masalah panalungtikan, rumusan masalah, tujuan tina panalungtikan jeung mangpaat tina panalungtikan, sarta nu pamungkas aya raraga tulisan.

BAB II ULIKAN PUSTAKA

Eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan struktur carita, ajén moral, novél, bahan pangajaran maca, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Eusina ngabahas ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku: cara ngumpulkeun data, ngolah data, desain panalungtikan, sumber panalungtikan, sarta instrumént nu digunakeun.

BAB IV HASIL JEUNG PEDARAN

Medar hasil panalungtikan luyu jeung tiori sarta metode anu digunakeun, dina bab ieu nu didadarkeun sagemblengna hasil tina panalungtikan nu dilaksanakeun.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Eusina mangrupa kacindekan tina hasil skripsi, nu dipungkas tina sakabeh pedaran. Salian ti éta, nyieun saran jeung rekomendasi dumasar kana hasil panalungtikan.